Scottish Social Services Council

# Mitemo yeMaitirwo Ezvinhu Inoshanda Kune Vanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro eVanhu uye Kune Vashandirwi

2024

# Mitemo yeMaitirwo Ezvinhu Inoshanda Kune Vaita Mabasa Anobatsira Pamagariro eVanhu uye Kune Vashandirwi

## Mitemo yeMaitirwo Ezvinhu yeSSSC Codes of Practice (Mitemo) inotsanangura:

- Mwero wemaitirwo ezvinhu uye hunhu hunotarisirwa kune munhu wese anoshanda mabasa anobatsira pamagariro evanhu muScotland
- Mwero wezvinotarisirwa kune vaya vane vashandi vanoita mabasa anobatsira pamagariro evanhu muScotland.

## Mashoko Pamusoro peMitemo Iyi

Mitemo iyi mashoko anoita kuti vanhu (vanhu vanobatsirwa nemabasa anoitwa nevanoita mabasa anobatsira pamagariro evanhu) vazive zvavanotarisira kuitirwa nevashandi vanovabatsira. Inobatsirawo vashandirwi nevashandi kuti vafunge nezvenzira dzavanogona kuramba vachivandudza nadzo maitiro avo. Zvikwata zviviri zveMitemo iyi zvinotaridza mabasa anofanira kuitwa nevashandirwi pamwe chete nevashandi pakusvitsa mipimo inotarisirwa kwavari.

Takatanga kuparura Mitemo iyi mugore ra2003, tichidzika mipimo yehunhu nemaitirwo ezvinhu evashandirwi nevashandi vese vanoita mabasa anobatsira pamagariro evanhu munyika yose.
Mitemo iyi yakadzokororwa yegore ra2024 ndeyechitatu kuitwa uye inotsiva mavhezheni ese akamboitwa kumashure (2016 na2003).

## Mutemo weVanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro eVanhu

Mutemo weVanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro eVanhu inotsanangura zvakajeka mipimo iyo munhu wese anoita mabasa aya anotarisirwa kusvitsa. Ibasa rako kusvitsa mipimo iyi uye unofanira kushandisa Mutemo uyu pakuona maitiro ako uye kuona nzira dzaunogona kuramba uchivandudza nguva nenguva.

## Mutemo weVane Vashandi Vanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro eVanhu

Mutemo weVane Vashandi Vanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro eVanhu unotsanangura mabasa anofanira kuitwa nevashandirwi ava pakuva nechokwadi chekuti vashandi vavo vanovimbwa navo, vane hunyanzvi, vane chivimbo uye vanokosheswa. Sevashandirwi munofanira kutsigira vashandi kuti vasvitse mipimo yakanyorwa muMutemo weVanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro eVanhu uye munofanira kushandisa zvikamu zvese zveMitemo seturusi rekushandisa pakuramba muchivandudza maitirwo ezvinhu.

# Nemhaka yei Mitemo iyi yakakosha?

### Kudzivirirwa kweveruzhinji uye kudzorwa kwevashandi

Mitemo iyi, ichishanda yakabatana neMipimo yezveUtano neKutarisirwa Kwemagariro Evanhu (Health and Social Care Standards), chikamu chakakosha chekudzorwa nekuvandudzwa kwematarisirirwo nemabatsirirwo anoitwa vanhu.

Vashandirwi nevashandi vese vanoita mabasa anobatsira pamagariro evanhu vanozvipira zvizere kushanda mukuwirirana neMitemo yeMaitirwo Ezvinhu iyi.

Mitemo iyi ye-SSSC inodzora vashandi kuti pave nechokwadi chekuti vanhu vekuScotland vari kuvimba nemabasa anovabatsira pamagariro avo avanoitirwa nevashandi vakavimbika, vane hunyanzvi, vane chivimbo uye vanokosheswa.

Vekuchikamu che-The Care Inspectorate ndivo vanodzora mashandiro emasangano akanyoreswa pakuita mabasa ekubatsira pamagariro evanhu nekupinza basa vashandi. Vekuchikamu che-The Care Inspectorate vanopawo mazano nekusimudzira mashandiro akanaka kune vanoita mabasa ese ekubatsira pamagariro evanhu.

Kana sangano rinenge rakanyoreswa risiri kusvitsa mipimo yakatarwa muMitemo, ve-SSSC vanogona kutora matanho vachishandisa nzira dzedu dzekuona kukodzera pakuita basa. Vekuchikamu che-The Care Inspectorate vanogona kupa mazano kune vanoita mabasa ekubatsira pamararamiro evanhu kuti vatevedze Mitemo uye, kana zvichidiwa, kutora matanho ekuranga vashandirwi vanenge vasingasvitsi mipimo inotarisirwa.
.

### Kutsigira maitirwo ezvinhu akanaka zuva nezuva

Mitemo iyi iturusi rekushandisa pakuramba zvinhu zvichivandudzwa uye nekuvandudza maitirwo ezvinhu. Somuenzaniso, unogona kuishandisa:

- pakutsigira hurukuro dzeMitemo dzinogara dzichiitwa pamisangano yemapoka
- panguva dzekuturwa kwebasa kumushandi mutsva uye pahurongwa hwekudzidza nekuvandudzika pamashandiro kwevashandi
- pakuratidza maitirwo ezvinhu agara aripo.

Dzidza zvakawanda nezveMitemo uye zve-SSSC pawebhusaiti inoti **www.sssc.uk.com**

## Mutemo weMaitirwo Ezvinhu paMabasa Ekubatsira Pamagariro

| **1: Ndinofanira kudzivirira nekusimudzira kodzero nezvido zvevanhu uye vanoita mabasa ekutarisira vamwe.** | |
|---|---|
| **Semushandi** | |
| 1.1 | Ndichashanda ndichiratidza tsitsi, kunzwa semanzwiro evamwe, neruremekedzo uye kubata vanhu ndichiziva kuti vanhu havana kufanana. |
| 1.2 | Ndicharemekedza uye kusimudzira kodzero uye, pazvakakodzera, maonero, zvido, nezvisarudzo zvevanhu nevanoita mabasa ekutarisira vamwe. |
| 1.3 | Ndichasimudzira kodzero dzevanhu dzekuti vazvisarudzire zvavanoda nehupenyu hwavo uye kuti vaite zvisarudzo vaine ruzivo pamusoro pematarisirirwo avari kuitwa kana kuti rutsigiro rwavari kupihwa. |
| 1.4 | Ndichashanda nevanhu uye nevanoita basa rekutarisira vamwe kuti vataure vachishandisa nzira uye mutauro wavanoda. |
| 1.5 | Ndicharemekedza uye kuchengetedza chiremera nezvakavanzika zvevanhu. |
| 1.6 | Ndichasimbaradza nhau yekusiyana-siyana uye kuremekedza mazita ese, tsika nemagariro evanhu. |

| **2: Ndinofanira kuvaka nekuchengetedza kuvimbana nechivimbo chevanhu uye chevanoita mabasa ekutarisira vamwe.** | |
|---|---|
| **Semushandi** | |
| 2.1 | Ndichataura chokwadi, ndichava akasununguka, akatendeseka uye anovimbwa naye. |
| 2.2 | Ndichataura neruremekedzo, ndakasununguka, ndichitaura zvinhu nenzira yakarurama uye yakananga. |
| 2.3 | Ndicharemekedza mashoko akavanzika uye kutsanangurira zvakajeka vanhu nevanotarisira vamwe vanhu mitemo inobata nhau dzezvakavanzika. |
| 2.4 | Ndichava munhu anowanika panguva yaanodiwa neanovimbwa naye. |
| 2.5 | Ndichakoshesa zvinofanirwa kuitwa pabasa, zvibvumirano nehurongwa hunenge hwaitwa uye, kana zvisingakwanisiki kuti ndiite izvozvo, ndichatsanangura zvikonzero zvacho kuvanhu, vanoita basa rekutarisira vamwe uye kune wandinoshandira. |
| 2.6 | Ndichazivisa pachena nyaya dzinogona kuita kuti pave nebonderano yezvandinoda uye kuva nechokwadi chekuti hazvizokanganisi zvisarudzo zvandichaita kana kuti maitiro angu. |
| 2.7 | Ndichatevera mitemo nemaitirwo ezvinhu pakuchinjana zvipo nemari nevanhu uye nevanoita mabasa ekutarisira vamwe. |
| 2.8 | Ndichaumba hukama pasina zverusaruro, ukama hwakanaka uye kuziva pekugumira panhau dzebasa nevanhu, nevamwe vangu kana kuti nevanoita mabasa ekutarisira vamwe ndichizviita nenzira inoremekedza chiremera chavo, hutano hwavo uye kuchengeteka kwavo. |

| 3: Ndinofanira kusimudzira hutano nerusununguko rwevanhu uye vanoita mabasa ekutarisira vamwe panguva imwe chete ndichivadzivirira sezvinobvira kunjodzi dzinogona kuvakuvadza. | |
|---|---|
| **Semushandi** | |
| 3.1 | Ndichamhan’ara pomero dzinoitwa dzekukuvadza, dzekuita zvenharo uye kumhan’ara chero hunhu hune njodzi, hwekumbunyikidza vamwe kana kuti hwerusarura ganda ndichishandisa nzira dzakagadzwa munguva dzakakodzera. |
| 3.2 | Ndichatevedzera tsika, maitirwo ezvinhu uye mitemo yakagadzirirwa kudzivirira ini nevamwe vanhu kuti tisavirwa nenjodzi pabasa. |
| 3.3 | Ndichaudza wandinoshandira, kana kuti vane masimba, nezve chero chinhu kana kuti maitiro anogona kukanganisa basa rekutarisira vamwe kana kuti rekuvabetsera. |
| 3.4 | Ndichaudza wandinoshandira, kana kuti vane masimba vakakodzera, kana wandinosanda naye akange ari mumamiriro ezvinhu ekusagona kunyatsoita basa rake. |
| 3.5 | Ndichava akasununguka uye akatendeseka kune mushandirwi wangu, kuvanhuwo zvavo uye kune vanoita mabasa ekutarisira vamwe vanhu kana basa richinge kana kuti richigona kunge rakonzeresa kukuvara kana kuti kurasikirwa. |
| 3.6 | Ndichashandira pamwe panenge pachiitwa ongororo nemushandirwi wangu, ve-SSSC kana kuti vane masimba vakakodzera pakuona kana ndiri mumamiriro ezvinhu akanaka ekuti ndiite basa kana kuti evamwe kuti vaite basa. Izvi zvinogona kusanganisira kupinda mumatare ekunzwikwa kwenyaya uye kupa mashoko ekupupurira, magwaro kana kuti mamwewo mashoko mukati menhambo yenguva inotarisirwa. |
| 3.7 | Kushandidzana nevamwewo vanhu uye nevanoita mabasa ekutarisira vamwe pakupa nekugamuchira mishumo, kupa mashoko ezvinoda kutarisirwa nekukurumidza uye ezvichemo, kusaita nhambe nenyaya idzi uye kushanda zvizere padziri. |
| 3.8 | Kuziva uye kushandisa nemazvo simba nechiremera chandiinacho pandinenge ndichishanda nevanhu, nevanoita mabasa ekutarisira vamwe uye nevandinoshanda navo. |

| **4: Ndinofanira kuziva kuti vanhu vane kodzero yekuita zvinhu zvinogona kukonzera njodzi dzinoita kuti varasikirwe uye ndichashanda navo kuti vanzwisise nekuronga zvine chokuita nenjodzi idzodzo.** | |
|---|---|
| **Semushandi** | |
| 4.1 | Ndichashanda nevanhu kuti vaite zvisarudzo vachiziva nezve njodzi dzinogona kuitika nedziripo kwavari kana kuti kune vamwewo vanhu. |
| 4.2 | Ndichatevedzera mitemo nenzira dzekuongorora kana maitiro evamwe vanhu achigona kuzokonzeresa njodzi yekukuvara kwavari kana kuti kune vamwe vanhu. |
| 4.3 | Ndichatora matanho akakodzera ekuderedza nawo njodzi yekuti munhu azvikuvadze kana kuti akuvadze vamwe vanhu. |
| 4.4 | Ndichava nechokwadi chekuti vanhu, vandinoshanda navo vakakodzera uye maajenzi vaziviswa nezvezvakabuda uye zvinorehwa neongororo dzenjodzi. |

| 5: Ndichafanira kuzvidavirira panhau yekunaka kwebasa randinoita uye kutora matanho ekuti ndichengetedze nekuvandudza ruzivo nehunyanzvi hwangu. | |
|---|---|
| **Semushandi** | |
| 5.1 | Ndichasvitsa mipimo yakakodzera yemaitirwo ezvinhu uye yebasa munzira iri pamutemo, isina njodzi uye inonyatsoshanda. |
| 5.2 | Ndichachengeta zvinyorwa zviri muchimiro chakajeka, zvakarurama uye zvichifambirana nenguva mukuwirirana nemitemo uye maitirwo ezvinhu ebasa rangu. |
| 5.3 | Ndichaudza mushandirwi wangu kana kuti vane masimba vakakodzera nezve mamiriro ezvinhu emunhu pachake kana kuti zvaakasangana nazvo izvo zvinogona kukanganisa kukwanisa kwangu kuita basa rangu nemazvo uye zvisina njodzi uye kuudza ve-SSSC nezve chero chinhu chinogona kukanganisa kukwanisa kwangu kuita basa. |
| 5.4 | Kukumbira rutsigiro kubva kumushandirwi wangu kana kuti kune vane masimba vakakodzera kana ndichinzwa ndisingakwanisi kana kuti ndisinganzwi zvakanaka kuti ndigadzirire zvizere kuita chero chikamu chebasa rangu kana kuti ndisina chokwadi chekuti ndozvifambisa sei. |
| 5.5 | Ndichagadzirira uye kushandira pamwe nevatungamiri vebasa pakutaridza kufambira mberi kwandiri kuita, pandinoda kudzidziswa, hutano hwangu uye maitiro angu zvinhu. |
| 5.6 | Ndicharamba ndichingodzidza zvine chokuita nebasa rangu kuti ndivandudze ruzivo nehunyanzvi hwangu ndichibatsiridza pakudzidza nekuvandudzika kwevamwe. |
| 5.7 | Ndichashanda pamwe uye kushanda ndiri mune vamwe vangu uye nevamwewo vanhu zvakasununguka uye ndichivabata zvine ruremekedzo. |
| 5.8 | Ndichashanda munzira inoratidza kunzwisisa kuti zvinhu zvinovhundutsa nekukonzera marwadzo zvinogona sei kukanganisa maitiro evanhu, evanoita mabasa ekutarisira vamwe uye evamwe vangu. |
| 5.9 | Ndichazvidavirira pabasa randinokumbira vamwe kuti vandiitire. |
| 5.10 | Ndicharemekedza mabasa nehunyanzvi hwevamwe vanhu vanoita mamwewo mabasa akasiyana neangu, avo vanogona kunge vachitevedzera mitemo yebasa yakasiyana neyangu, uye ndichishandidzana navo. |
| 5.11 | Ndichafanira kuziva uye kuremekedza mabasa, hunyanzvi uye ruzivo rwekuzviwanira rwevanoita mabasa ekutarisira vamwe, mhuri nevamwewo vakakodzera ndoshandidzana navo sezvingadiwa. |
| 5.12 | Ndichakoka uye ndopa nzeve inoteerera mashoko achabva kuvanhu, vanoita mabasa ekutarisira vamwe nevamwewo uye ndoshandisa mashoko aya pakuvandudza mashandiro angu. |

| **6: Ndinofanira kuchengetedza kuvimbwa kwandinoitwa neveruzhinji uye chivimbo chavo.** | |
|---|---|
| **Semushandi,** | |
| 6.1 | Handizoshandisi zvisizvo, kukuvadza, kuregeredza kana kuti kumbunyikidza vanhu, vanoita mabasa ekutarisisira vamwe kana kuti vamwe vangu. |
| 6.2 | Handizoshandisi zvisizvo kuvimbwa kwandinoitwa nevanhu, nevanoita mabasa ekutarisisira vamwe kana kuti nevamwe vangu, kana kuti kushandisa zvisizvo mashoko andinawo ane chekuita navo uye nemamiriro avo ezvinhu. |
| 6.3 | Handizoumbi ukama nevanhu kana kuti nevanoita mabasa ekutarisisira vamwe husingafambidzani nebasa kana kuti hunokuvadza. |
| 6.4 | Handizobati vanhu, vanoita mabasa ekutarisisira vamwe kana kuti vamwe vangu nerusaruro. |
| 6.5 | Handizoregereri chero tsika yekuita zverusaruro inogona kuitwa nevanhu, nevanoita mabasa ekutarisisira vamwe kana kuti nevamwe vangu. |
| 6.6 | Handizozviisi ini pachangu kana kuti vamwe vanhu panjodzi isiri madikanwa. |
| 6.7 | Handizoratidzi hunhu, ndiri pabasa kana kuti ndisiri, hunoita kuti pave nemibvunzo nezvekukodzera kwangu kuita mabasa anobatsira pamagariro evanhu. |

## Mitemo Yemaitirwo Ezvinhu Inobata Vane Vashandi Vanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro Evanhu

| **1: Iva nechokwadi chekuti vanhu vaunopinza basa vakakodzera kushanda mabasa anobatsira pamagariro evanhu uye kuti vanonzwisisa zvavanotarisirwa kuita uye mabasa avo.** | |
|---|---|
| **Semushandirwi** | |
| 1.1 | Ndichachandisa nzira dzakadzama uye dzisina njodzi dzekupinza nadzo vanhu pabasa kuti ndive nechokwadi chekuti vanhu vane hunhu netsika dzakakodzera, uye vanokwanisa kuwana ruzivo nehunyanzvi hunodiwa ndivo vanopinzwa pabasa. |
| 1.2 | Ndichatevedzera nhungamiro yekupinza vanhu basa zvisina njodzi ndichiongorora zvinyorwa zvekuti munhu akamboita here mabasa ekutyora mutemo, nezvimwewo zvinyorwa zvebasa kuona kana munhu achikwanisa kuita migove yebasa inotarisirwa. |
| 1.3 | Ndichakumbira nekupa mashoko akakodzera kana kuti nongedzero dzine chokuita nekukodzera kwemunhu kuita basa pamugove wakatarwa.<br>. |
| 1.4 | Ndichapa vashandi mashoko akajeka ezvemigove nemabasa avo, mitemo yakakodzera nemaitirwo ezvinhu avanofanira kutevedzera pabasa ravo. |
| 1.5 | Ndichapa mashoko akajeka  kuvashandi nezvemamaneja akanangana nemabasa avo, kufambiswa kwemashoko nerutsigiro rwuripo. |

| 2: Kuchengetedza tsika nekuva nenzira dzemaitirwo ezvinhu dzekutsigira nadzo vashandi vanoita mabasa abobatsira pamagariro evanhu kuti vakwanise kushandisa Mutemo weMaitirwo Ezvinhu Pabasa. | |
|---|---|
| **Semushandirwi** | |
| 2.1 | Ndichatungaira, kuronga uye kusupavhaiza vashandi munzira inosimudzira maitiro anoratidza tsitsi nekunzwisisa. |
| 2.2 | Ndichatungamira munzira inoratidza kukoshesa kusiyana-siyana kwetsika, inobatanidza vose uye inokoshesa kodzero dzemunhu mumwe nemumwe. |
| 2.3 | Ndichatungamira vashandi munzira inoita kuti pave nechokwadi chekuti pese pazvakakodzera, vanhu nevanoita mabasa ekutarisira vamwe vari kubatanidzwawo mukuitwa kwezvisarudzo zvine chokuita nemabasa avo. |
| 2.4 | Ndichatungamira vashandi kuti varambe vachivandudza mashandiro avo nekukura pabasa, ukuwo ndichiva nechokwadi chekuti vakakodzera kuti vaite basa. |
| 2.5 | Ndichasimudzira tsika yekubudirana pachena iyo vashandi vanenge vachitsigirwa kuti vaite hurukuro dzine chokuita nekuva nehunhu hwakanaka uye kuziva pekugumira panyaya dzine chokuita nebasa ravo. |
| 2.6 | Ndichaisa nzira dzemaitirwo ezvinhu dzichabatsira pakutsvaka nekushandisa mashoko anobva kuvanhu, kune vanoita mabasa ekutarisira vamwe uye kune vamwewo kuti aumbe nekuvandudza maitirwo ebasa nezvinhu. |
| 2.7 | Ndichaisa nzira dzemaitirwo ezvinhu dzichashandiswa nevashandi kuti vamhan’are matambudziko ane chokuita nevashandi uye mashandiro ayo anogona kukanganisa mabasa ekutarisira vamwe kana kuti ekuvabetsera uye kuti vashande pakugadzirisa matambudziko aya vachibatsirana nevane masimba vakakodzera pazvinodikanwa kuti vadaro. |
| 2.8 | Ndichaita kuti zvikwanisike kuti pave nemaitiro anotsigira vashandi kuti vamhan’are kana vachinzwa kuti maitirwo ebasa ari kuratidza rusaruro, haana kukodzera kana kuti ane njodzi nekuda kwechero chikonzero uye kuti ndichatora matanho akakodzera kuti ndigadzirise nyaya dzacho. |
| 2.9 | Ndichatsigira vashandi kuti vakwanise kutevedzera zvizere Mutemo weMaitirwo Ezvinhu uye kusavatarisira kuti vaite chero chinhu chinogona kutadzisa izvi kuti zviitike. |
| 2.10 | Ndichatsigira vashandi vakapinzwa basa kune mamwe mabasa kuti vatevedzere zvizere mitemo yavo yebasa. |
| 2.11 | Ndichamhan’ara kune vane masimba vakakodzera kana pakava nevashandi vane zvinovavhiringidza kuti vakwanise kuita basa ravo nemazvo. |

| 3: Kupa mikana yekudzidza nekukura pabasa kuitira kuti vashande vakwanise kusimbaradza nekuchengetedza hunyanzvi hwavo hwebasa, ruzivo nemaitiro avo basa. | |
|---|---|
| **Semushandirwi** | |
| 3.1 | Ndichapa mikapa yemhando yepamusoro yekusuma vashandi kumabasa avo matsva uye yekudzidza nekuzvivandudza pabasa senzira sekutsigira nayo vashandi kuti vaite mabasa avo zvisina njodzi uye zvizere. |
| 3.2 | Ndichatsigira nekugadzirira vashandi nekuda kwemabasa matsva avanopiwauye avanochinjirwa kwaari, mitoro nekuvandudzika kwavo pamitirwo ebasa kusanganisira zvine chokuita nemashandiro emakombiyuta. |
| 3.3 | Ndichatsigira zvine chokuita nedzidzo, ndichiisa zvinopa mashoko ebasa zvinonyatsoshanda, ongororo, nemikana yekudzidza maitirwo ezvinhu. |
| 3.4 | Ndichatsigira vashandi vanoda kunyoreswa neveku-SSSC kuti vakwanise kusvitsa nekuchengetedza zvikwaniriso zvinodiwa kuti vakwanise kunyoreswa uye zvinodiwa kuti varambe vachidzidza zvine chokuita nebasa uye vachivandudzika. |
| 3.5 | Ndichava nechokwadi chekuti vashandi vese vatsva vanokwanirisa kuita mabasa anobatsira pamagariro evanhu vawaniswa mwero unodiwa wedzidzo yebasa neinoita kuti vavandudzike pamashandiro avo pasi pehurongwa hwekutsigira mushandi hunofanira kuitwa kwegore kuti vakwanise kusvitsa zvizere zvinodikanwa zvavo zvekudzidza basa izvo zvinoramba zvichiitwa. |
| 3.6 | Ndichabatsira sezvingadiwa pakutsigira vashandi vanenge vachinzwa sekuti havasi kukwanisa kana kuti havana kugadzirira zvakakwana kuti vaite basa ravo. |
| 3.7 | Ndichatungamira nguva nenguva pakuitwa kwebasa ndichishandisa nzira inonyatsoshanda iyo inoita kuti vashandi vakwanise uye vavandudze maitiro avo ebasa nekuvaratidzira maitirwo ezvinhu uye kugamuchira mashoko avanopa. |

| 4: Kuchengetedza tsika dzinotsigira kudzivirirwa kwenjodzi uye dzinochengetedza zvinhu panguva imwe chete ndichiremekedza kodzero dzevanhu dzekuita zvinhu zvinogona kukonzeresa njodzi. | |
|---|---|
| **Semushandirwi** | |
| 4.1 | Ndichava nemitemo yakanyorwa pasi nemaitirwo ezvinhu zvinodzivirira vanhu, vanoita mabasa ekutarisira vamwe, vashandi nevamwewo kuti vasakuvadzwa. |
| 4.2 | Ndichaita kuti mitemo yakanyorwa uye maitirwo ezvinhu zvishande uye ndichazviongorora, zvikuru sei panyaya yekumhan'arwa kwepomero dzekumbunyikidzwa kwevanhu, rusaruro, kukuvadzwa, kusaitirwa hanya kana kuti kubatwa zvisizvo kune vane masimba mukati menhambo yenguva yakakodzera. |
| 4.3 | Ndichava nechokwadi chekuti vashandi vaziva uye kunzwisisa zviratidzo zvekumbunyikidzwa, kusarurwa, kukuvadzwa, kusaitirwa hanya, uye kushandiswa zvisizvo uye matanho avanofanira kutora. |
| 4.4 | Ndichava nechokwadi chekuti vashandi vanzwisisa kuti kudenha vamwe, kubata vamwe zvisina kunaka, kana kuti chero mhando yerusarura hazvitenderwe uye vanofanira kutora matanho ekugadzirisa maitiro akadaro. |
| 4.5 | Ndichadzika nzira dzekuti mushandi amhan'are kana akaona kuti mumwe wake anogona kutadziswa kunyatsoita basa rake nechimwe chinhu. |
| 4.6 | Ndichadzika nzira dzekuti mushandi amhan'are kana basa rakonzera kuti munhu akuvare kana kuti arasikirwe. |
| 4.7 | Ndichabata nenyaya dzinomhan'arwa uye dzepomero dzinobva kuvashandi nekukurumidza, nenzira inonyatsoshanda uye zviri pajekerere. |
| 4.8 | Ndichasimudzira maitiro anokoshesa kuchengeteka kwemunhu wese uye maitiro ayo zvechisimba, zvekutyisidzirana uye zvekumbunyikidzana zvisingatenderwe. Ndichava nemitemo nemaitirwo ezvinhu achabatsira pakuderedza nekubata nenhau dzakadai. |
| 4.9 | Ndichaziva nezvezvinhu zvakawanda zvinogona kukonzerwa nekushungurudzika uye nezvinhu zvinovhundutsa kuvashandi, uye kutsigira vashandi vanenge vatarisana nedambudziko iri. |
| 4.10 | Ndichaziva nezve zvinhu zvinogona kukonzerwa nehunhu hwekumbunyikidza vamwe kuvashandi. Ndichatsigira vashandi vanenge vatarisana nedambudziko iri. |
| 4.11 | Ndichadzika mitemo nemaitirwo ezvinhu zvinosimudzira hutano, kuchengeteka, magariro nekubatwa zvakaenzanirana kwevashandi uye kuremekedza kuti munhu wese anzwe achibatanidzwa uye nhau yekusiyana-siyana kwezvinhu. |

| | |
|---|---|
| 4.12 | Ndichatsigira vashandi avo vanogona kunge vasingakwanisi kuita basa ravo nekuda kwezvimwe zvikonzero uye kuvapa nhungamiro yakejeka yechero ganhuriro dziripo nekuda kwebasa ravo. |
| 4.13 | Ndichamhan'ara kune vane masimba vakakodzera kana basa richinge rakonzera kukuvara kana kuti kurasikirwa. |
| 4.14 | Ndichava nemitemo uye maitirwo ezvinhu pakuongorora njodzi dzinogona kuitika. |

| 5: Kubudisa Kuruzhinji nekusimudzira Mutemo weMaitirwo Ezvinhu Unobata Vane Vashandi Vanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro Evanhu neVashandi Vavo kuVanhu nevanoita mabasa ekutarisira vamwe uye kuti vashande vachitevedzera zvinotaurwa neveku-SSSC. | |
|---|---|
| **Semushandi** | |
| 5.1 | Ndichatevedzera zviri Mumutemo weMaitirwo Ezvinhu Unobata Vane Vashandi Vanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro Evanhu uye ndichaudza vashandi nezvebasa rangu pakutevedzera mutemo uyu. |
| 5.2 | Ndichazivisa vashandi nezveMutemo weMaitirwo Ezvinhu Unobata Vanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro Evanhu uye ndichashanda navo kuti vanzwisise basa ravo pakutevedzera mutemo uyu. |
| 5.3 | Ndichasimudzira kukosha nekubatana kuripo pakati peMitemo Yemaitirwo Ezvinhu iyi nezvimwewo zvinobatanidzwa pairi uye mipimo. |
| 5.4 | Ndichazivisa vanhu nevanoita mabasa ekutarisira vamwe nezveMitemo yeMaitirwo Ezvinhu Inobata Vanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro Evanhu neVashandirwi vavo uye kupa mashoko akadzama ekuti nyaya dzinobata Mitemo iyi dzinotaurwa sei. |
| 5.5 | Ndichashandisa zviri muMutemo weMaitirwo Ezvinhu Unobata Vanoita Mabasa Anobatsira Pamagariro Evanhu pakuita zvisarudzo zvakanangana nekukwanisa kwemushandi kuita basa. |
| 5.6 | Ndichatevedzera nhungamiro pakupa nongedzero yeku-SSSC nezvemushandi uyo anogona kutadziswa kuita basa rake nezvimwe zvikonzero. Kana zvakakodzera, ndichaudza mushandi wacho kuti ndaita nongedzero iyi. |
| 5.7 | Ndichashandira pamwe pakuitwa kweongororo neve-SSSC pasina kunonokera uyewo nevamwewo vane masimba, kusanganisira kupa magwaro, kupinda misangano yekunzwikwa kwenyaya uye kuita mukuwirirana nezvinenge zvabuda uye nezvisarudzo zvinenge zvaitwa. |
| 5.8 | Ndichaita kuti zvikwanisike uye ndichatsigira vashandi kuti vashandire pamwe pakuitwa kweongororo dze-SSSC uyewo dzevamwewo vane masimba. |
| 5.9 | Ndichatora matanho akakodzera pane chero zvinenge zvabudiswa neve-SSSC nezvekukwanisa kwemushandi kuita basa, kusanganisira kutsigira mushandi kuti ave nechero zvaanotarisirwa kuva nazvo pakunyoreswa kwake. |
| 5.10 | Ndichatora matanho akakodzera pane zvinenge zvaonekwa nemamwe masangano anoona kana mwero wemaitirwo ezvinhu uri kusvitswa kuti ndivandudze basa rinoitirwa vanhu nevanoita mabasa ekutarisira vamwe. |

**Mitemo iyi ichatanga kushanda kubva musi wa1 Chivabvu 2024 uye ichatsiva mavhezheni ese ekumashure.**

**Yakapiwa pasi pechikamu 53 chemutemo we-Regulation of Care (Scotland) Act wa-2001.**

Mitemo iyi inopa mienzaniso yemashandiro, maitiro uye tsika nehunhu asi haizosanganisiri mhando yehunhu hwese hunogona kuitwa uhwo uchagona kusangana nahwo.

Scottish Social Services Council
Compass House
11 Riverside Drive
Dundee
DD1 4NY

Nhare: 0345 60 30 891
Imeyiri: enquiries@sssc.uk.com
Webhusaiti: www.sssc.uk.com

Kana uchida gwaro rino riri mune imwe fomati, tapota bata ve-SSSC panhamba dzinoti
0345 60 30 891

© Scottish Social Services Council 2024